# Zvaungaita Kuti Uvandudze Minyengetero Yako

Pepa rino richakubatsira kuti uongorore minyengetero yako.

## ZVAUNOTAURA

**Zvinomboitika here kuti unodzokorora dzokorora minyengetero? Kana uchidaro, chimboedza kuita izvi:**

Nyora zvinhu zvitatu zvaunotenda Mwari.

1. _____
2. _____
3. _____

*"Kutenda Jehovha kunoita kuti ndiwedzere kumuda nekuti kunoita kuti ndifunge zvinhu zvakanaka zvaakandiitira. Uye izvi zvinoita kuti ndiwedzere kutenda zvandinoitirwa."—Jeanette.*

Iye zvino chinyora zvinhu zvitatu zvinokurwadza.

1. _____
2. _____
3. _____

*"Pandinowedzera kuudza Jehovha zvese zvinenge zvichindinetsa, ndinobva ndawedzerawo kunzwa zviri nani, uye ushamwari hwangu naye hunowedzerawo kusimba."—Kiara.*

Nyora vanhu vatatu vaunozivavari mumatambudziko.

1. _____
2. _____
3. _____

*"Zvakanaka kunyengeterera vaunonamata navo vari kune dzimwe nyika dziri kure vanenge vachisangana nematambudziko kana kunyengeterera mumwe munhu anogara pedyo ari kuomerwa neupenyu."—Shelby.*

**Watonyora zvinhu 9 zvaunogona kutaura muminyengetero yako!**

**Zano:** ***"Zvinobatsira chaizvo kunyora zvinhu zvaunoda kunyengeterera, wozozvitarisa paunenge wava kuda kunyengetera. Nekufamba kwenguva, nyaya dzacho dzinoitawo dzichiwedzera zvekuti zvinoguma zvava nyore kuudza Jehovha chero chii zvacho chaunenge uchifunga."—Ciara.***

www.jw.org © 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

# UNOPA MINYENGETERO YAKAITA SEI?

**Pakunyengetera, ndezvipi *zvinokuomera* pane zvinotevera?**

## ZVEKUTAURA
(Ona VaHebheru 5:7.)

## KUGARA UCHINYENGETERA
(Ona 1 VaTesaronika 5:17.)

## NGUVA YAUNOTORA
(Ona 1 Samueri 1:12.)

**Ndezvipi zvaungada kuvandudza paminyengetero yako?**

*"Dzimwe nguva ndinonyengetera zviya zvekungoitawo. Ndinofanira kutoedza chaizvo kuti ndiudze Jehovha zvese zvinenge zviri mumwoyo mangu."—Lauren.*

**Zvandinoda kuvandudza:** _____

_____

_____

_____

_____

*"Tinombowana nguva yekutumira mameseji kana kuti kufonera shamwari dzedu. Asi hapana chinokosha sekutaura naJehovha. Ndicho chinhu chatinofanira kukoshesa kupfuura zvimwe zvese."—Alana.*

**Zvandinoda kuvandudza:** _____

_____

_____

_____

_____

*"Tinofanira kunyengetera kwenguva yakati rebei nekuti kana tikadaro tichawedzerawo kubudisa zviri mumwoyo medu."—Teresa.*

**Zvandinoda kuvandudza:** _____

_____

_____

_____

_____



www.jw.org © 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

# ZANO

## Nyengetera chero nguva

Maria anoti, “Mumwe musi ndakatarisa denga ndikaona richiyevedza. Ndakabva ndatenda Jehovha nekuti zvinhu zvaakasika zvakanaka.”

## Tsvaga nzvimbo isina ruzha

Kimberly anoti, “Dzimwe nguva ndinogara panze kuti ndinyengetere kuna Jehovha. Kuona zvinhu zvaakasika kunoita kuti ndive pedyo naye, ndinobva ndaita sendiri kumuona pandinenge ndichinyengetera.”

**Nzvimbo dzisina ruzha dzandinogona kunyengetera ndiri:**

_____

_____

_____

## Verenga minyengetero iri muBhaibheri

Helena anoti, “Kuverenga Mapisarema kunonakidza. Kunoita kuti ndione kuti vamwe vainyengetera sei uye zvinobva zvaita kuti nditaure naJehovha ndakasununguka sezvavaiita.”

**Minyengetero yemuMagwaro inondikurudzira:**

_____

_____

_____

www.jw.org © 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania